दिन–गुरूवार दिनांक–01.05.2025

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

———————————————————————————————

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आइ मुम्बईक जिओ वर्ल्ड कन्वेंशन सेंटर मे पहिल वर्ल्ड ऑडियो विजुअल एंटरटेनमेंट समिट–वेव्सक उद्घाटन कयलनि। एहि मौका पर श्री मोदी जनौलनि जे एतय वेव्स शब्द सँ तात्पर्य अछि संस्कृति, रचनात्मकता आओर विश्व सँ जुड़बाक लहरि। ओ जनौलनि जे ई वैश्विक मंच अछि जे कलाकार आओर रचनाकार सभक नव विचार के बढ़ावा देत। प्रधानमंत्री जनौलनि जे वेव्स समिट मे सय सँ बेसी देशक कलाकार, निवेशक आओर नीति निर्माता सभ एक मंच पर संग आयल छथि। वेव्स बाजार पहलक प्रशंसा करैत प्रधानमंत्री जनौलनि जे ई रचनाकार सभ के प्रोत्साहित करत। प्रधानमंत्री जनौलनि जे वेव्स समिट मे भारतक रचनात्मक ताकत वैश्विक मंच पर उजागर होयत। ओ जनौलनि जे भारत फिल्म निर्माण, डिजिटल विषय–सामग्री, गेमिंग, फैशन, संगीत आओर लाइव कन्सर्ट लेल वैश्विक केन्द्रक रूप मे उभरि रहल अछि। एहि मौका पर सूचना आओर प्रसारण मंत्री अश्विनी वैष्णव जनौलनि जे वर्ल्ड ऑडियो विजुअल एंटरटेनमेंट समिट– वेव्स नव आर्थिक अवसर सृजित करत।

———————————

राष्ट्रीय मानवाधिकार आयोग बिहार सरकार के नोटिस जारी कयलक अछि। एन.एच.आर.सी. पटनाक मोकामा मे स्कूलक मिड–डे मील खयलाक बाद सय सँ बेसी बच्चाक बीमार पड़बाक मीडियाक रिपोर्ट पर संज्ञान लेलक।

———————————

आइ विश्व श्रमिक दिवस अछि। श्रमिक आंदोलन आओर कतेको देशक अर्थव्यवस्था मे कामगार सभक योगदान के रेखांकित करबाक लेल हरेक वर्ष पहिल मई कऽ श्रमिक दिवस मनाओल जायत अछि। एहि के मई दिवसक रूप मे सेहो जानल जायत अछि। गृहमंत्री अमित शाह विश्व श्रमिक दिवस पर देशक कामगार सभ के बधाई देलनि अछि। श्री शाह एक सोशल मीडिया पोस्ट मे जनौलनि जे विकसित भारतक संकल्प साकार करबाक लेल दिन–राति परिश्रम करयबला श्रमिक सभ लोक सभक जिनगी सुगम बना

रहल छथि आओर अपन कठिन श्रम आ समर्पन सँ अर्थव्यवस्था के मजगूत कऽ रहल छथि। राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां आओर मुख्यमंत्री नीतीश कुमार श्रमिक भाई–बहिन सभ के शुभकामना देलनि अछि। एहि मौका पर राज्य मे कतको संगठन दिस सँ कार्यक्रम आयोजित कयल गेल।

———————————————————

केन्द्र सरकारक जाति जनगणना करेबाक निर्णयक चहुदिस सँ स्वागत भऽ रहल अछि। लोक जनशक्ति पार्टी रामविलासक प्रमुख आओर केन्द्रीय मंत्री चिराग पासवान जनौलनि जे प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी जाति जनगणना करेबाक निर्णय लेल धन्यवादक पात्र छथि। एम्हर, उप मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आरोप लागौलनि जे  कांग्रेस ई निर्णयक क्रेडिट लेबय चाहैत अछि। भाजपाक प्रदेश अध्यक्ष डॉक्टर दिलीप जायसवाल जनौलनि जे जाति जनगणना करायब प्रधानमंत्रीक बढ़िया निर्णय अछि। एहि सँ समाजिक कल्याण के बढ़ावा भेटत। जनता दल यूनाईटेडक वरिष्ठ नेता आओर जल संसाधन मंत्री विजय कुमार चौधरी जनौलनि जे ई निर्णय प्रधानमंत्रीक मास्टर स्ट्रोक अछि। दोसर दिस जनसुराज पार्टीक संरक्षक प्रशांत किशोर जनौलनि जे ई गणना सँ समाजक कोनो नोकसान नहि होयत। हुनक पार्टी ई गप पहिने सँ जनबैत रहल अछि।

———————————————————

ध्यातव्य अछि जे सरकार अगिला जनगणना मे जाति गणना सेहो करेबाक निर्णय कयलक अछि। काल्हि प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदीक अध्यक्षता मे मंत्रीमंडलक राजनीतिक कार्य समिति ई निर्णय लेलक। सूचना आओर प्रसारण मंत्री अश्विनी वैष्णव मीडिया सँ जनौलनि जे किछु राज्य जाति आधारित सर्वक्षण बढ़िया सँ करौलक आओर किछु आनो–आन राज्य एहि के राजनीतिक मनसा सँ गैर–पारदर्शी ढंग सँ करौलक अछि।

———————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार बीस साल विकास के बदलते बिहार के रिपोर्ट जारी कयलनि अछि। एहि मौका पर उप मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी, जल संसाधन मंत्री विजय कुमार चौधरी सेहो छलाह। रिपोर्ट मे मुख्यमंत्री नीतीश कुमारक नेतृत्व मे कयल गेल काजक चर्चा अछि।

———————————————————————

खेलो इंडिया यूथ गेम्स दू हजार पच्चीसक शुभारंभ के लऽकऽ तैयारी जोर–शोर सँ चलि रहल अछि। उद्घाटन समारोह पटनाक कंकड़बागक पाटलिपुत्र खेल परिसर मे होयत। मुख्यमंत्री नीतीश कुमार चारि मई कऽ ई समारोहक उद्घाटन करताह। एम्हर, खेलो इंडियाक मशाल गौरव यात्रा राज्यभरिक फराक–फराक जिला होयत पटना आबि गेल अछि। काल्हि ई गौरव मशाल यात्राक समाप्ति होइत। आइ आओर काल्हि पटना जिलाक फराक–फराक क्षेत्र मे खेल के शुभंकर गजसिंहक नेतृव्त मे यात्रा निकालल जायत।

———————————————————————

प्रदेशक कतेको क्षेत्र मे भोरे सँ तेज हवा आओर मेघगर्जनक संग बारिश भऽ रहल अछि। पटना आओर लऽगपासक जिला मे कतेको ठाम ओलावृष्टि भेल अछि। मौसम विभाग अगिला चौबीस घंटाक बीच पटना, गया, नालंदा, औरंगाबाद, भोजपुर, बक्सर, पूर्वी चंपारण आओर समस्तीपुर सहित कतेको जिला लेल रेड अलर्ट जारी कयलक अछि। विभाग ठनका खसय के लऽकऽ लोक सभ के सतर्क रहबाक लेल सेहो जनौलक अछि।

———————————————————————

समाप्त